

ETA NEW YORK
BIWO SÈVIS POU TIMOUN AK FANMI
OFFICE OF CHILDREN AND FAMILY SERVICES

FÒM POU REFIZE/PA PRAN YÒDI POTASYÒM (POTASSIUM IODIDE, KI)

Yòdi potasyòm (potassium iodide, KI) se yon pwodwi chimik ki ka pwoteje tiwoyid la kont yòd radyoaktif. Si gen yon evènman nikleyè ki degaje yòd radyoaktif nan atmosfè a, yo ka itilize KI pou benyen tiwoyid la ak yon bon kantite yòd estab pou anpeche oswa redwi kantite yòd radyoaktif tiwoyid la ka pran. Si gen yon ijans nikleyè (radyolojik), evakyasyon akabri ap premye opsyon yo. Y ap bay KI sèlman lè Konte a ak/oswa Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, DOH) rekòmande li pou yon ijans radyolojik.

Biwo Jesyon Ijans Eta New York (New York State Office of Emergency Management, NYSOEM), ansanm ak ofisyèl Konte yo, te mete KI disponib nan gadri yo nan zòn Santral Nikleyè Indian Point, Nine Mile Point, James A. Fitzpatrick, ak Ginna.

Si ou PA vle yo bay pitit ou yòdi potasyòm (potassium iodide, KI) si gen yon ijans radyoaktif, ranpli epi siyen fòm sa a, epi retounen li bay gadri pitit ou a.

Non timoun _____

Dat nesans: _____

Mwen konprann Konte a ak / oswa DOH ka rekòmande pou yo bay pitit mwen an/yo potasyòm (KI) si gen yon ijans radyolojik.

Mwen te li epi mwen konprann [feyè enfòmasyon sou yòdi potasyòm \(potassium iodide, KI\) lan](https://www.health.ny.gov/environmental/radiological/potassium_iodide/information_for_the_public.htm) (https://www.health.ny.gov/environmental/radiological/potassium_iodide/information_for_the_public.htm), epi mwen **PA** vle yo bay pitit mwen yòdi potasyòm (potassium iodide, KI) si gen yon ijans radyolojik.

Non Paran/Responsab _____

Nimewo Telefòn Paran / Responsab _____

Siyati Paran/Responsab Legal _____

Dat _____

Ranpli fòm sa a sèlman si ou PA vle yo bay pitit ou yòdi potasyòm (potassium iodide, KI) si gen yon ijans radyolojik.